

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013, bisa dicindekkeun saperti ieu dihandap:

1) Prak-prakan atawa léngkah-léngkah modél STAD dina pangajaran narjamahkeun kana basa sunda nya éta:

(1) Guru muka pangajaran

(2) Guru ngabagi siswa jadi 10 kelompok anu masing-masing anggota kelompokna 4 urang siswa. Kelompokna nya éta 1,2,3,4,5,6,7,8,9,10.

(3) Guru ngajelaskeun materi ngeunaan narjamahkeun,

(4) Unggal kelompok dibéré lembar kerja siswa anu eusina ngeunaan materi narjamahkeun. Siswa dipiharep jeung kelompokna nyangkem kana materi narjamahkeun.

(5) Salila pangajaran lumangsung , guru miboga peran salaku *motivator*, *fasilitator*, jeung *narasumber*.

(6) Sabada guru méré pedaran tur ayana gawé bareng kelompok dina nyangkem materi ngeunaan narjamahkeun, diayakeun tés narjamahkeun ka unggal individu pikeun ngukur kamapuh tina hasil ngaregepkeun jeung gawé bareng kelompok.

(7) Hasil tés individu éta dipeunteun tur diukur kamekarana dumasar hasil peunteun pangajaran narjamahkeun saacana (pretés),

(8) Hasil kamekaran individu éta dijumlahkeun jeung anggota séjéna nu sakelompok, tur dibagi ku lobana anggota kelompok, hasilna disebut skor kelompok,

NO. 540/FPBS .0251/2013

(9) Ayana pangajén ka kelompok anu punjul,

Meti Kusmayanti, 2013

*Modél Student Teams Achievement Division (stad)
dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda
(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung
taun ajaran 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (10) Guru nepikeun kacindekan
- (11) Guru nutup pangajaran
- 2) Kamampuh narjamahkeun siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 saméméh ngagunakeun modél STAD, hasilna masih kurang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 43,24 hartina siswa can mampuh narjamahkeun tina basa Indonésia kana basa Sunda. Kulantaran KKM (Kriterian Ketuntasan Minimal) anu ditangtukeun nya éta 75. Tina jumlah siswa 34 urang ngan 2 urang atawa 5,88% anu geus ngahontal KKM (tuntas), sedengkeun 32 urang atawa 94,12 % can ngahontal KKM (can tuntas).
- 3) Kamampuh narjamahkeun siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 sabada ngagunakeun modél STAD, hasilna kawilang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 76,24 hartina siswa geus mampuh narjamahkeun tina basa Indonesia kana basa Sunda. Tina jumlah siswa 34 urang, 22 urang siswa atawa 65% geus mampuh narjamahkeun kana basa Sunda atawa geus ngahontal KKM, sedengkeun 12 urang siswa atawa 35% can mamapuh narjamahkeun atawa can ngahontal KKM.
- 4) Modél STAD éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung taun ajaran 2012/2013 lantaran ngaronjatna hasil pretés saméméh ngagunakeun modél STAD jeung postés sabada ngagunakeun modél STAD. Hal ieu katitén tina hasil uji gain katangen yén gain antara pretés jeung postés anu jumlahna 34 siswa jeung rata-rata gaina 33 . upama dititénan tina rata-rata peunteun pretés jeung postés nya éta 43,24 ngaronjat jadi 76,24. Jadi, pangaruh modél STAD dina ngaronjatkeun kamampuh narjamahkeun kana basa Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun ajaran 2012/2013 nya éta 33, jeung katitén tina hasil uji hipotésis aya nya éta $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $13,58 > 2,46$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak

5.2 Rékomendasi

NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

Modél Student Teams Achievement Division (stad)


dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda

(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung taun ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran narjamahkeun ngaguankeun modél *Student Teams Achievement Division (STAD)*, aya sababaraha rékoméndasi ti nu nyusun, di antarana nya éta:

- 1) Modél STAD bisa dipaké dina pangajaran narjamahkeun kana basa Sunda kelas X.
- 2) Bisa dijadikeun motivasi pikeun guru basa Sunda sangkan leuwih kréatip dina milih modél pangajaran anu saluyu jeung pangajaran anu baris ditepikeun sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal.
- 3) Aya panalungtikan ngaunaan materi pangajaran séjén anu ngagunakeun modél STAD sangkan leuwih ngabuktikeun kaéfektifan ieu modél.



NO. 540/FPBS .0251/2013

Meti Kusmayanti, 2013

*Modél Student Teams Achievement Division (stad)
dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda
(studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas x-1 sma negeri 9 bandung
taun ajaran 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu